



Dwa pledè ki pa gen avoka nan divizyon premye enstans la

- 1 Si ou pa gen avoka, ou dwe respekte menm règ pwosedi ke avoka ki gen lisans yo ak reprezantan ki gen eksperyans yo dwe respekte yo. Pou konn règ pratik OATH yo, li yo sou entènèt nan <https://www1.nyc.gov/site/oath/trials/rules-of-practice.page>
- 2 Ou gen menm dwa ak moun ki gen avoka yo. Chak pati gen dwa fè deklarasyon ka nan kòmansman pwosè a. Epitou ou ka fè dènye deklarasyon ou nan finisman pwosè a anvan yo fèmen dosye a. Si jij premye enstans la otorize sa, w ap kapab bay konklizyon ekri ou yo lè pwosè a fini. Jij la ap ba ou yon dènye delè pou w bay deklarasyon sa a, si li otorize ou bay li.
- 3 Ou gen dwa rele temwen. Si gen yon temwen ki refize vini nan pwosè a, ou ka mande jij administratif la pou li siyen yon subpoena ad testificandum, oswa asiyasyon pou konparèt, ki egzije pou moun nan vin temwaye nan pwosè w la. W ap jwenn fòmilè asiyasyon yo sou sit entènèt OATH la, nan <https://www1.nyc.gov/site/oath/trials/trial-related-forms.page> (ale sou “Subpoena To Testify”). Lè jij la fin siyen asiyasyon an, se responsabilite pa w pou w fè moun ki sipoze resevwa asiyasyon an jwenn li.
- 4 Ou gen dwa tou pou w mande jij la pou li siyen yon subpoena duces tecum, oswa asiyasyon pou prezante pyès, pou lòt pati an oswa pou yon tyès pati. Lè jij administratif la fin siyen li, dokiman sa a ap egzije pou pati an prezante pyès oswa lòt bagay pandan oswa anvan pwosè a. Lè jij la fin siyen asiyasyon an, se responsabilite pa w pou fè moun w ap mande pyès yo, jwenn li. Fòmilè sa a disponib tou sou sit entènèt OATH la, nan <https://www1.nyc.gov/site/oath/trials/trial-related-forms.page> (ale sou “Subpoena to Supply Documentation”).
- 5 Pandan pwosè a, ou kapab fè entèwogatwa temwen ou yo, men se sèlman kesyon ki gen pou wè ak reklamasyon ak defans dosye a ou gen dwa poze. Chak bò ap gen chans fè entèwogatwa temwen pa li yo ak temwen lòt pati an. Ou gen dwa tou pou w di ou pa dakò kesyon lòt pati an poze yon temwen. Epitou ou ka di ou pa dakò jan lòt pati an sèvi ak yon dokiman oswa ak yon lòt pyès an patikilye. Si gen yon moun ki di li pa dakò ak yon bagay, jij la ap deside kiyès ki gen rezon ak sa y ap mete nan dosye a.

The screenshot shows the OATH website interface. The main content area is titled "Trial-Related Forms" and lists several forms with their descriptions and download links. Two red arrows point from the text in the main document to the "Subpoena To Testify" and "Subpoena To Supply Documentation" sections on the website.

- Subpoena To Testify**
To subpoena a witness to testify in a scheduled OATH hearing.
Review OATH Rule 1-43 to learn more
Download the form
- Subpoena To Supply Documentation**
To subpoena production of documents for a scheduled OATH hearing.
Review OATH Rule 1-43 to learn more
Download the form
- Subpoena To Testify and Supply Documentation**
To subpoena both a witness and production of documents for a scheduled OATH hearing.
Review OATH Rule 1-43 to learn more
Download the form

- 6 Ou ka chwazi tou pou w temwaye pou tèt ou. W ap resevwa menm tretman ak yon lòt temwen, eksepte w ap gen otorizasyon rakonte sa ki te pase a. Sa vle di w ap ka rakonte bagay yo jan ou wè yo. Avoka lòt pati an ap gen chans poze ou kesyon, epi jij premye enstans la ap gen chans sa a tou. Ou te mèt pote nòt oswa yon plan pou ede ou nan temwayaj ou a.
- 7 Ou gen dwa dapre Senkyèm Amanman Konstitisyon an pou w pa temwaye si temwayaj ou a ap gen tandans montre ou koupab yon krim. Men si ou chwazi pa temwaye nan OATH la, jij OATH la gen dwa konkli silans ou a vle di temwayaj ou a pa t ap bon pou ou.
- 8 Ou gen dwa tou pou w mande jij la si ou ka prezante dokiman oswa lòt prèv nan dosye a. Si ou vle prezante pyès, ou dwe pote kopi tout pyès yo pou lòt pati yo. Pa bliye kopi w ap prezante kòm prèv la, ak yon kopi pou temwen an. Pote yon kopi pou tèt pa ou tou. Si se pa videyo w ap konparèt, ou dwe gen prèv yo sou fòm elektwonik (paregzanp foto dokiman w lan oswa prèv ou a) pou w ka voye yo pa imèl pou jij la ak lòt pati yo.
- 9 Si a nenpòt ki moman ou chanje lide epi ou vle gen yon avoka ki reprezante ou, fè Jij Administratif la konn sa.
- 10 Ou ka jwenn desizyon OATH yo nan lòt dosye parèy pa w la nan baz done OATH la sou sit entènèt nou an nan <https://www.nyc.gov/site/oath/trials/search-decisions.page>. Ou ka fè rechèch ou a avèk mo kle yo.